

Ayewopò LaGuardia, Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy,  
ak lokal ki lye yo kote travayè ayopò ki asire yo ap travay.

## Pri Minimòn Estanda Yo Peye Pou Chak Èdtan travay ki Anvigè

<b>Pi gran nan:</b> Salè Minimòm Eta Nouyòk ki ann Aplikasyon depi:	31/12/2019	<b>15,00\$/èdtan.</b>
<b>Oswa</b> Salè Minimòm Port Authority ki ann Aplikasyon depi:	1/9/2021	<b>17,00\$/èdtan.</b>
	1/9/2022	<b>18,00\$/èdtan.</b>
	1/9/2023	<b>19,00\$/èdtan.</b>
<b>Plis</b> Tarif Benefis Estanda Siplementè ki ann Aplikasyon depi: (Pou premye 40 èdtan yo, konsènan depans kouvèti esansyèl minimòm yon plan swen sante patwon a peye, sa gen ladan tan lib)	1/7/2021	<b>4,54\$ /èdtan.</b>

Si ou gen kesyon, ou bezwen pils enfòmasyon oswa ou vle depoze yon plent,

tanpri ale sou: [www.labor.ny.gov/minimumwage](http://www.labor.ny.gov/minimumwage) oswa rele: **1-888-469-7365**

Travayè Ayewopò ki Asire se nenpòt moun yo anboche pou fè yon travay nan lokal yon ayewopò ki sou asirans k ap travay omwen  $\frac{1}{2}$  nan lè travay yo pa semèn nan yon lokal ki asire, k ap travay depi 30/12/2020 epi ki travay anviwon 30 èdtan pa semèn. Travayè ayewopò asire ki nan Divès Endistri fè travay sa yo: netwayaj ak sèvis ki gen rapò avèk sa, sèvis ki gen rapò avèk sekrite, travay nan sèvis pasaje ayewopò ak jere malèt. Pwofesyonèl ki resevwa yon salè, oswa anaplwaye egzekitif ak administratif ki touche 75 fwa plis pri salè minimòm nan chak semèn yo, **pa travayè ayewopò ki asire**. Deskripsyon detaye yo disponib sou [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov)

### Kredi ak Alokasyon

- Poubwa** – Apati 31 Desanm 2020, patwon w la dwe peye w pri salè minimòm ki an vigè a totalman, epi li pa ka pran okenn kredi sou salè w pou poubwa ou resevwa.

**Manje ak lojman** – Patwon w la ka reklame yon kantite lajan limite nan salè w pou manje ak lojman yo ba ou, depi yo

pa fè w peye pou anyen ankò. Tarif ak egzijans yo etabli nan òdonans salè ak nan rezime yo, yo disponib sou entènèt.

**Pèman anplis** yo ka dwe w plis pase tarif salè minimòm ki mansyone pi wo a:

- Siplementè** – Yo dwe peye w  $1\frac{1}{2}$  fwa kòb yo abitye peye w la (pa pi piti pase montan ki mansyone pi wo a) pou lè pa semèn ki depase 40 èdtan.
- Pèman paske yo rele w vin travay** – Si w al travay selon orè a epi patwon w voye w lakay ou bonè, ou fèt pou touche pou rès lè yo nan pri salè minimòm nan pou jou a.
- Si w travay plis pase dizèdtan** – Si jounen travay dire plis pase dizèdtan, ou fèt pou w resevwa pèman anplis chak jou. Montan chak jou a egal a inèdtan pèman nan pri salè minimòm lan.
- Antretyen inifòm** – Si se ou ki lave pwòp inifòm ou, ou fèt pou w resevwa pèman anplis chak semèn. Pri chak semèn yo disponib sou entènèt.